teatrining aktyori, pyesa jarayonida u yoki bu vazifani bajarar ekan, turli xil moslanishlardan foydalangan holda, xilma - xil xatti - harakatlarni mantiqan, ketma - ket va maqsadga muvofiq amalga oshirishi mumkin. Bunda aktyorga meyor tuyg‘usidan boshqa hech narsa, shu xatti - harakatlarni tanlashni va ularni qay muddatda bajarishni, chegaralab qo‘ymaydi.

Xuddi shu vazifani bajarayotgan musiqali teatr aktyori oldida, bastakor belgilagan vaqt davomida, nafaqat o‘z xatti-harakatlarini bajarish, balki baholash va qabul kilish jarayonlari turadi. Bu birinchidan, ikkinchidan esa, har qanday baholash, musiqiy dramaturgiyaning belgisi bo‘lib, uni bajarishi zarur. Musiqali teatrning qonuni, aktyorning o‘z xatti-harakatlarini musiqa usuliga bo‘ysundirishi bilan birga, har bir musiqiy fikrga yangi xatti - harakatlarni topishi bilan ifodalanadi. Ko‘pincha musiqa, o‘zining o‘lchangan vaqti bilan aktyorga ma’lum miqdordagi xatti - harakatlarni bajarishga va ularni aynan shu musiqa tempo - ritmiga joylashtirishga imkon berayotganday bo‘ladi. Lekin musiqaning emotsional - ma’noli mazmuni aktyorga faqat chegaralangan miqdorda xatti-harakatlarni bajarishga imkon beradi. Bu musiqali teatr aktyorining spektakl voqealari davomida kerakli xatti-harakatlarni va ayniqsa, moslashuvlarni chertib - chertib tanlashga, ularning orasidan eng zarurlarini qoldirishga, majbur qiladi. Bu bilan saxnaviy xatti-harakatlarni detallashtirishdan qo‘rqmaydigan dramatik teatr obrazlariga nisbatan, musiqali teatrda ashulaviy timsollar ancha ixcham va umumlashganligini tushuntirish mumkin. Musiqali - ashulali xatti-harakatning asosiy spetsifik xususiyati shundan iborat. Rustam Ma’diyev aktyorlar bilan ishlash jarayonida yuqorida aytilgan fikrlarga tayanar va ana shu hislatlarni o‘zida yaxshi mujassam qilgan rejissyor edi. O‘zgalardan ajralib turadigan yutuqli tomonlari ariya, duetlar ustida ishlashga ustaligi bo‘lgan. Nutq aktyor ijrosida jiddiy ahamiyatga ega. Uning sahnadagi ariya va duetlar ijrosida, tasvirlangan voqeani, personajning ichki dunyosini, uning hissiyotlarini to‘g‘ri ifodalashda muhim vosita hisoblanadi. Nutqni o‘rganish, tahlil qilish va unga e’tibor qaratish aktyorning san’ati rivojida o‘zgarmas rol o‘ynaydi. Saxna san’atida nutq nafaqat bir vosita, balki aktyorning ichki dunyosini va tashqi ifodasini birlashtiruvchi kuchdir.

**Foydalanilgan adabiyot**

1. Kristi G.K. S.Stanislavskiyning opera teatridagi ishi. -M.: Искусство, 1967.

**REZYUME**. Ushbu maqolada Muqimiy nomidagi O‘zbek davlat musiqali teatri rejissyori Rustam Ma’diyevning ijodiy faoliyati tahlil etiladi. Shuningdek, uning aktyorlar nutqi bilan ishlash metodikasi, aktyorlarga qo‘yiladigan talablar, ariya va duet ijro etuvchi aktyorlarning kasbiy mahorati mezonlari yoritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется творческая деятельность режиссера Узбекского государственного музыкального театра имени Мукими Рустама Мадьева. Также освещаются его методика работы с актерской речью, требования, предъявляемые к актерам, и критерии профессионального мастерства актеров, исполняющих арии и дуэты.

**SUMMARY.** This article analyzes the creative activity of Rustam Madiyev, director of the Mukimi Uzbek State Musical Theater. It also highlights his methodology of working with actor’s speech, the requirements placed on actors, and the criteria for the professional skill of actors performing arias and duets.

## AKTYORLÍQ SHEBERLIKTE DÍQQATTÍŃ ORNÍ

**Qudaybergenov Alibek Amandıq ulı** – *oqıtıwshı*
*Ózbekistan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** diqqat, san’at, aktyor, teatr, ritm, ijod, rejissor.
**Ключевые слова:** внимание, искусство, актёр, театр, ритм, творчество, режиссёр.
**Key words:** focus, art, actor, theater, rhythm, creativity, director.

Ustaz aktyorlar tárepinen jaratılǵan saxnalıq obrazlar dańqın esitip, olar atqarǵan spektakllerdi kórip, radiospektakllerdi tıńlap, televideniye arqalı kórsetiletuǵın film hám spektakller tásirinde “aktyor bolaman” degen ármanlar menen dóretiwshilik álemine kirip kiyatırǵan jaslar dóretiwshiligin – “erkin jumısın” úyreniw de aktual ilimiy másele bolıp tabıladı. “Ómir saxna,

adamlar aktyor" degen pikir Wilyam Shekspir tilinen aytıldı hám sheksiz kosmosta jer planetamız kishkene ǵana bir saxna ekenligin tán aldıq. Aktyorlıq sheberligin qáliplestiriwdiń ayrıqsha qásiyetleri bar. Aktyor – student eń dáslep kúshli, talapshań, názeri ótkir, juwapkerli bolıwı shárt. Men aktyor bolaman degen insanlar aljasadı. Olardı qabıl etken ustazlar bolsa, taraw rawajlanıwınıń paraziti bolıwı múmkin. Dáslep, baladaǵı aktyorlıq kórkem ónerine beyimlikti tekserip, ayrıqshalıq hám ózgeshelik (biyparıqlıq, erinsheklik, ózin basqara almaw) táreplerin ańlap, keyininen baha beriw kerek.

Aktyorlıq sheberligin qáliplestiriw hám rawajlandırıw ushın tek ámeliy emes, teoriyalıq shınıǵıwlardı da waqıtında aparıwı zárúr. Aktyor erteń teatrǵa jumısqa tayın qánige bolıp baradı. Bunda ol dóretiwshilik islep shıǵarıw processinde qatnasadı. Olardı tek kásiplik kónlikpe emes, mánisi boyınsha tayın qánige retinde tárbiyalap barıw, tálim-tárbiya sistemasınıń ayrıqsha qásiyetlerinen esaplanadı. Bolajaq qánigeler ruwxıy hám fizikalıq quwatlı, hár tárepleme bilimli, aktyorlıq kásibiniń túrli janrların joqarı professional dárejede iyelegen, zamanagóy saxna talaplarınıń barlıq elementlerin sheberlik penen basqaratuǵın, tamashagóyler zárúriyatın tereń sezine alatuǵın, keń bilimge iye sheber artistler bolıp jetiwleri zárúr. Aktyorlıq sheberligi elementleriniń treningin úyreniwdiń tiykarǵı maqseti jas qánigeniń saxnada ózin tuta alıwı, óziniń sezimlik (kóriw, esitiw, pikirley alıw, salıstırıw, ajırata alıw, túrli predmetlerdegi uqsaslıqtıń ol yamasa bul táreplerin: forması, reńi, tásiri hám t.b.lar anıq is-háreketlerdi islep shıǵıw sıyaqlı) bilimlerin qáliplestirip, tárbiyalawdan ibarat esaplanadı. Sezimlik bilimlerdi iyelew processi úsh fazadan ibarat esaplanadı:

1. Bulshıq etlerdi sırtqı tereńlikten, qısılıwdan azat etiw (bosatıw);
2. Dóretiwshilik dıqqattı kerekli obyektke qaratıw;
3. Saxnalıq háreketti saldamlı hám isenerli qılıp orınlaw

Qábiletinde, dóretiwshilik qıyal hám fantaziya arqalı isenim hám haqıyqattı júzege keltiriw. [1]

Saxna – aktyordıń jumıs ornı hám rawajlanıw mákanı. Aktyor usı jumıs tájiriybesin jetilisken dárejede iyelewi kerek. Ustazlar studentler menen spektakl ústinde islew processinde hár bir waqıya hám hádiyseniń kelip shıǵıw sebeplerin analiz etiwi hám bul is-háreketlerdi ańlatiwshı aktyorlıq sheberliginiń ayrıqsha qásiyetlerin iyelep alıwı kerek. Aktyor – bul turaqlı háreket bolıp tabıladı, onıń hár bir máwriti zárúrli aylanıwlar dawamı bolıp tabıladı hám usı waqıtta onıń ózgesheligin kórsetiwshi jańa psixologiyalıq jaǵdayǵa ótiw jolı bolıp esaplanadı. Sol sebepli aktyordıń hár máwriti háreketten ibarat. Bastı iyiw, qabaqtı úyiw yamasa ashıw, júzde payda bolǵan mıyıq tartıw, tańlanıwǵa ashılǵan awız, kóz áynekti oqımıslı adam sıyaqlı uslap turǵan qollar yamasa eki tárepke túsirip turǵan alaqanlar, aktyordıń zárúrli názer salıp turǵan waqtındaǵı narazılıq yamasa mehirin ańlatıwshı kózler – bulardıń barlıǵı háreketle boladı, tınısh jaǵday olar ushın biygana. [2] Aktyor bolaman degen insan basqa insanlarǵa qaraǵanda bir qansha itibarlı hám dıqqatın bir jerge toplawda kerekli tájiriybege iye insan bolıwı talap etiledi. Dıqqat processinde bir jolı tórt ishki háreketti atqaramız:

- birinshiden, obyekt – derekti dıqqat orayınan qashırmawǵa háreket etemiz;
- ekinshiden, sol derekti ózimizge tartıwǵa háreket etemiz;
- úshinshiden, ózimiz sol derek tárepke umtılamız;
- tórtinshiden, onıń ishki mazmunına tereńirek kiriwge háreket etemiz.

Dıqqat processinde bir waqıttıń ózinde orınlanatuǵın tórt háreket psixikalıq quwat tásirinde bir-biriniń janında rawajlanıp baradı. Álbette, bul processte fizikalıq kúsh talap etilmeydi. Olar psixikalıq quwat tásirinde háreketlenedi. Hátteki, dıqqat orayında turǵan tábiyıy denege itibar qaratıw processi de fizikalıq tásirsiz, yaǵnıy dawıs yamasa sezim arqalı júz beredi. Dıqqat ushın arnalǵan fizikalıq háreketler: a) kóriw; b) esitiw; v) seziw; g) dám biliw sıyaqlı shınıǵıwlarda derekke sırtqı fizikalıq tásir kórsetiwge beyimlik kúshli boladı.

K.S.Stanislavskiy: "saxnalıq dıqqattı insannıń belgili bir obyektke óz seziw aǵzalarınıń energiyasın (kóriw, esitiw, seziw, iyis biliw) jıynaw qábileti esaplanadı", – deydi. Ol dóretiwshilik dıqqattıń eki túrin ajıratıp kórsetedi:

- ıqtıyarsız dıqqat procesi biziń qálewimizge qaramaǵan halda payda bolıp, obyekttiń ózi sezimlerimizdi ózine qaratıp, ol menen aktiv qatnasqa sharlawı;
- ıqtıyarıy – bul óz dıqqatımızdı qálegen túrde jıynap, belgili obyektke óz-ózimizdi qızıqtırıp, óz denemiz energiyasın ol yamasa bul predmetke qaratıp, obyekt penen aktiv qatnas ornatıw bolıp tabıladı.

Belgili bir obyektke ıqtıyarlı dıqqatın toplaw degende sol obyektti tereń úyreniw (kóre biliw, esitiw hám basqalar) obyektke aktiv tásir etip, ol menen belgili bir baylanısta bolıw processi

túsiniledi. Qarım-qatnasta insan átirapındaǵı barlıq predmetlerden ózinshe ilham aladı.

K.S.Stanislavskiy óz dıqqatın obyektten obyektke kóshiriwdi shártli kishi, orta hám úlken sheńberlerdi sızıwdı shınıqtırıwdı usınıs etedi. Aktyordıń saxnalıq is-háreketi dawamında ol obyektti kórip atırma yáki kórip atırǵanday etip tutıp atırma yáki kerisinshe bir obyektti ekinshisi menen aljastırıp qoyǵanlıǵın anıqlaw qıyın. Dıqqat aktyor ushın qashan qural bola alıwı múmkin, onda aktyor shalǵımasa. Aktyorlıq sheberliginiń oǵada qorqınıshlı tárepi – shalǵıw. Aktyor ómirinde qanday waqıya bolıp atırǵan bolmasın, saxnada shalǵımawı shárt. Shalǵıw – sheberlikti óltiredi. Dıqqat insannıń ózi umtılıp atırǵan hádiyse yáki waqıya bolıwı menen birge, basqarılatuǵın pázıylet bolıwı kerek. Bolajaq aktyor dıqqatın bólmey túsinip, ańlap, úyrenip saxnada paydalanıwǵa tayar bolsa, saxnalıq baylanısqa kirisiwine múmkinshilik jaratadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Qodirov R. Aktyorlik mahorati. Toshkent – 2017. 154.
2. F.Ahmedov., M.Yusupova “Estrada aktyori mahorati”. Darslik. Toshkent 2017. O‘zDSMI.
3. “Estrada aktyorligi san’ati”. M.R. Yusupovaning umumiy tahriri ostida Toshkent, O‘zDSMI 2015. 128-b.

**REZYUME.** Teatrning betakror san’atini rivojlantirish va uning sahnasida yorqin obrazlar yaratishda, kelajakda bu sohani yanada rivojlantirishda yosh pedagog-mutaxassislar va kadrlarning o‘rni va ahamiyati kattadir. Talaba-aktyorning o‘z ustida ishlash xususiyatlari, aktyorlik mahoratining shakllanishi. Stanislavskiy ta’limotida ixtiyoriy va ixtiyorsiz diqqat.

**РЕЗЮМЕ.** Молодые педагоги-специалисты и кадры играют важную роль в развитии уникального театрального искусства и создании ярких образов на его сцене, а также в дальнейшем развитии этой области в будущем. Особенности самосовершенствования студента-актера, формирование актерского мастерства. Произвольное и непроизвольное внимание в учении Станиславского.

**SUMMARY.** The role and importance of young teachers-specialists and personnel for the development of the unique art of the theater and the creation of bright characters on its stage, as well as for the further development of this area in the future, are great. Features of the student-actor’s work on himself, the formation of his acting skills. Voluntary and involuntary attention in Stanislavsky's teaching.

## МУЗЫКАНЫҢ ЗАМАНАГӨЙ ӘПИЎАЙЫ ТЕОРИЯСЫ: ТЕНДЕНЦИЯЛАР, УСЫЛЛАР, ПЕРСПЕКТИВАЛАР

**М.Б.Насыров** – *үлкен оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** элементар музыка теориясы, тарийх, китаплар.
**Ключевые слова:** элементарная теория музыки, история, книги.
**Key words:** elementary music theory, history, books.

Музыка теориясының тарийхы ең әййемги дәўирлерге барып тақалады. Бул дәўирде музыка тек аўызеки дәстүр формасында болған. Музыка ҳаққындағы териялық пикирлердиң дәслепки басламаларын әййемги грек философлары Пифагор, Аристотель ҳәм басқа да алымлардың мийнетлеринде көриўимиз мүмкин. Математикалық жаңалықлары менен белгили болған Пифагор сес бийиклиги ҳәм тар узынлығы арасындағы математикалық қатнасықларды таўып, гармония ҳаққында түсиникке тийкар салды. Аристотель болса музыкаға оның инсан ҳәм жәмийетке тәсири көзқарасынан қарап, музыка эстетикасына тийкар салған еди. Соның менен бирге орта әсирлерде музыка теориясы ширкеў музыкасы шеңберинде раўажланды. Гвидо Дарецсо, монах, музыка теориясы музыканы жазып алыў ҳәм анық жеткерип бериў имканиятын беретуғын нота системасын ислеп шықты. Сольмизация системасын (до, ре, ми, фа, соль, ля) нота системасын жаратып, бул система ҳәзирги сольфеджио системасына тийкар болды. Ояныў дәўири музыка теориясының жаңа раўажланыўы менен белгиленди.